Hoofdredacteur:
D. M. HARDJASOEWANDA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soeara Katholiek:

1 taoen . . . f 7,50 } njoewoen kabajar roemijin.
1/2 „ . . . . f 3,75 }

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**:

XAVERIUS - COLLEGE
MOENTILAN N. I. S.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

MOEDA POEROEHITA.

Karakter.

Poenapa ta artosipoen temboeng „Karakter"? Kados para noepiksa sampoen sami damang. Menggah asalipoen saking temboeng Griek oetawi Latin Charakter; déné tegesipoen: 1 aksara (letter), 2 wewatekan (aard, inborst) lan 3 kekentjenganing sedya (zielekracht, vastheid van wil). Inggih artos ingkang ka 3 poenika ingkang badé koela dorèngaken sakadaripoen.

Wonten tetemboengan Landi (zegswijze): Een man van karakter (een karakter goed uitbeelden) artosipoen: wong sing katok, tegoeh karakter-é.

Mila pigoena sanget ngetingalaken karakter-ipoen poenika. (Koela djarag temboeng karakter boten koela éwahi Djawi). Margi èngeta dateng bebasan: Gedane zaken nemen geen keer.[1])

Sadaja tijang mesti kedah gadah karakter, margi gesanging manoesa mesti betah karakter. Sinten ingkang tanpa karakter, gesangipoen kénging kawastanan m o e s p r a.

Jèn nitik kamanoesan lan pakarjanipoen tijang saged mangertos dateng karakter-ipoen. Aan de vruchten kent men de boom, poenika mila leres sanget.[2])

Tijang ingkang tanpa karakter, sasat boten gadah kamanoesan (sanès tijang), margi tijang ingkang makaten poenika boten ngertos dateng badanipoen pijambak, ingkang perloe sanget kanggé margining kaoentoengan. Sinten-sintena ingkang tansah ngoedi mangertos dateng dodoking badanipoen pijambak (langkoeng² kedah kabanding lan lenggahing Goesti), poenika saged ngadjeng-adjeng badé angsal kasenengan ing gesangipoen.

Dasaring karakter ingkang perloe sanget mangertos dateng diri pribadi; lan tijang saged gadah karakter, jèn sadaja² dipoenlèsaken dateng dasar waoe.

Kanti „éka-tjipta," karakter saged mangoen satoenggiling lampah, ingkang dipoen-enoet ing sadaja bawahanipoen (toemraping kempalan para lid-lidipoen). Lampah waoe ingkang medal saking karakter akanti éka-tjipta, kénging pinitados leresipoen, toemraping sesrawoengan gesang ing maatschappij. Lampah waoe mesti tentrem djendjem, margi sampoen kanti ening, sanadjana ta badé kanti toemoeroen ing djoerang, soemengka enz; „Djer basoeki kanti béja." Ing salebetipoen rebatan gesang ingkang ngédab-édabi (de strijd om het bestaan) poenika, tijang ladjeng ketoekoelan akal warni-warni, kanggé nggajoeh pepénginanipoen. Nanging jèn salebetipoen rok banda wala pati waoe tijang boten nggadahi pangertos ingkang perloe lan nijat ingkang hening, dados namoeng ngiwoet ngamoek poenggoeng, adat boten saged nggajoeh poenapa ingkang djinangka.

Dedamel ingkang mbabar pisani kanggé madjeng ing madyaning rana poenika boten woedjoed sendjata, mrijem enz! Sepélé ta namoeng, inggih poenika: kedah kanti . . . . . kasabaran, djer . . . geduld overwint alles![3]) lan malih eninging tjipta, (pertimbangan jang masak betoel), pamikir saras, nijat tetep, sregep lan katrampilan. Sadaja poenika saged dados srana panoelaking sadaja mengsahing actie inggih: reactie.

[1]) sing wis ketroetjoet, ketroetjoet.
[2]) ngertiné wité, marga ngerti wohé.
[3]) Sabar, menang.

Jèn dedamel kaseboet nginggil dipoentamakaken kanti santosa lir pradjoerit tamtama, liripoen sanadjana katahing mengsah sajoeta ngarep, saketi boeri, datan nedya moendoer sadjangkah, mangké toendonipoen tijang saged doemoegi papan ingkang sinedya, metik woh pikantoekipoen ingkang legi manis poenika! Kedjawi saged kasembadan ingkang djinangka, oegi saged angsal aos-ing kamanoesanipoen, inggih saking dajanipoen goes „karakter."

„Karakter" kadadosan saking „consequentie"[4])nipoen ginem lan pakarjan, kinantènan ing éka-tjipta (kempaling pamikir lan nijat), margi djalaran poenika, srana-srana lampah ingkang sampoen dipoentemtokaken waoe saged toemindak teroes.

Tijang ingkang gadah karakter, tansah mangertos poenapa ingkang kedah dipoenlampahi (ngertos ing wadjib), lan sadaja waoe (ingkang dipoenngertosi), dipoenlampahi. Mila saladjengipoen saged dados pinter (nalar) margi nglampahi wadjib ingkang sampoen dipoenngertosi waoe!

Ing salebeting gesang poenika sadaja tijang mangertos bilih adamel koewadjiban. Lan katah tijang mastani jèn koewadjiban waoe awrat sesanggènipoen, boten saged nglampahi; malah wonten ingkang loear biasa (buitengewoon, extra)! Toemraping tijang ingkang gadah karakter, temtoe boten saged nglampahi wadjib ingkang loear biasa (ingkang boten saged dipoenlampahi). Nanging ta poenapa jektos bilih ing ngagesang poenika wonten koewadjiban ingkang boten saged dipoenlampahi ing tijang? (loear biasa?) Tijang ingkang gadah karakter mangsoeli: ora ana. Margi jèn diri pribadi sampoen ngertos boten kwawi, inggih ladjeng kanti gotong rojom, awit Eendracht maakt macht oetawi: Union makes strength![5])

Kaladjengaken
L. Sa-Kersa.

Rembagipoen Klentreng.
(Journalistiek).

Kl. Good morning, kang Gotang.

Gt. Wijah, mberoek. Bok diwarahi ngono, dadi ora ndjèngkèlaké. Koewi pak ngétjé!

Kl. Good morning (kawaosa: *gud mũning).* koewi tjara Landané Goede morgen, rèhné rawoehé kang slira ésoek.

Gt. Nèk moeng sidji loro baé pertjoema; setoen-setoen kabèh, lah akoe matoer noewoen banget.

Kl. Énakmoe déwé. Éwadéné jèn moeng gratoel-gratoel baé ja. Nanging sadoeroengé kang Gotang nagih djangdjikoe, akoe arep kanda, bab enggoné kang slira arep moendoet pirsa basa Fransch — gratoel-gratoel —, rajimoe si Kl. saiki doeroeng bisa minangkani, awit keprijé ta wong lagi bisa sa: Nous sommes dans la classe, oetawa: Voici la porte de la classe. La chaise du maître est sur l'estrade, devant le tableau. Dadi lagi satitik, kedjaba koewi boekoe sing dak-arep-arep doeroeng teka. Sabar, alon-alon wong nijat mangsa ija ora klakon. Djaré wong: sabar ikoe koentjining Swarga. Moelané sing gedé baé apoerané.

Gt. Ora dadi baja! ning baé akoe dakkanda: Ing bebasan oetawa naséhat Mlajoe, oeniné mangkéné:

Terbit dan sopan tidak membeli,
Djika dipakai baik sekali.
Djandji itoe sebagai hoetang,
Ingatkan pagi dan petang.

Wis ta di Klentreng da domino baé, timbang nganggoer.

Kl. Apa? ana ésoek-ésoek djaré wis mroepoet ngadjak domino, gèk nganggo totohan pisan? Djaré nalika retraite wis nijat arep marèni; jèn nganti nglakoni manèh, trimah dipentoengi bakjoené. (kang raji tjara rama Pastoor Lucas). Èh, doeroeng doeroeng!

Gt. Koewi doedoe loepoetkoe, djenèh kowé tjidra.

Kl. Doepèh tjidra, apa ora ana gantiné remboegan lija? Toer doeroeng djeneng tjidra wong ana alangan sah. Wis ta pada ngremboeg satitik bab journalistiek.

Gt. Hm, jèn bab koewi ora sah kowoeroeki, wis bisa akoe. Lah wong ming ngarang wé, gerèt-rètrèt, tèken djrèt rak rampoeng ta! Oepama: Dari Semarang. Tadi malem . . . . . .

Kl. Wis adja diteroesaké; koewi rak djenengé bliloe taoe, pinter doeroeng nglakoni. Tjoba jèn arep telegram pekabaran marang kantor pers, sing kobantoe (oepama kowé dadi correspondent) keprijé atoerané kang?

Gt. Lah koewi akoe semandan ora bisa. Journalist ikoe apa ta?

Kl. Journalist ikoe wong sing makarja kanggo oemoem, sarana gawé karangan isi panemoené déwé, oetawa pakabaran sing maédahi, ana ing lajang kabar. Kedjaba ikoe gawé kritik lsp. sing maédahi oemoem, dadi adja anggeré ngritik baé. Lan ora wedi nemoe sangsara marga enggoné ngritik maoe. Journalist sing sedjati: jèn olèh bebaja merga enggoné gawé oetawa nglaboehi wong oemoem, ikoe kena ingaran sasat tiba ing kasoer kaoermatan. Dadi jèn ana journalist sing moeng mikir wetengé déwé, oepama: gawé kritik pandjang lébar sing persoonlijk (ora njangkoet kaperloeaning publiek), moeng soepaia olèh honorarium akèh, ikoe doedoe djatining djoernalis, doewé teges ora ngerti wadjib. Iki kleboe éwoné wong demen gawé pitenah. Jèn journalist arep gawé pekabaran marang korané koedoe ringkes, mentes. Jèn gawé kritik koedoe tjespleng, tjeta gampang dingertèni. Awit karangan sing ngambra-ambra, kedjaba ngebak-baki, oega mboseni diwatja.

Gt. É, dadi ora gampang wong mangkoe pankat djoernalis.

Kl. Moela, loewih-loewih jèn didèkèki Katholiek, dadi djoernalis Katholiek, loewih abot sanggané, béda karo lija-lijané. Moerih terangé tjoba matjaa Sw. Tm. no. 26, Juli 1928. Moenggoeh journalist ikoe koedoe doewé perskaart, awit jèn ora, samangsa ana kaperloean, oepama gawé verslag priksan Landraad, R. v. Justitie, enggon sing dilarangi etc., ora bisa olèh enggon satjoekoepé kanggo noelis.

Gt. Lah jèn doewé perskaart prijé ta? apa kena kanggo mleboe bioscope prodéo?

Kl. Lo, ndjoer arep dienggo sembranan. Jèn journalist maoe doewé lan nggawa perskaart, oepama arep merslag pengadilan sing lagi mriksa prakara preloe, kang kira-kira maédahi marang lajang kabaré, srana noedoehaké perskaart maoe, mengko bakal olèh médja koersi satjoekoepé kanggo noelis. Oepama teka ing panggonan sing dilarang, srana noedoehaké perskaarté marang poelisi oetawa militair sing djaga, journalist diidini mleboe lan niti saka tjedakan.

Gt. Bisané mengkono ikoe srana lambaran apa? Kok énak!

Kl. Kepénak? ning jèn mikir marang koewadjibané? Moenggoeh pranatan maoe ana besluité, tjoba dakpetikaké sawatara, jèn kang Gotang ajoen apti: (Gouvernementsbesluit. ddo. 22 Juli 1905 No. 22 bijblad No. 6304).

kaladjengaken.

[4]) consequentie = gevolgtrekking! i.p. toeroeting kedadosan.
[5]) Roekoen agawé santosa.

Ngleresaken lepating Sw. T. no. 14, ingkang ngoewoeraken soeraos:

I) katja 2, kol. 4, art. Openb. Onderw. alinea 3 „Sawenèhing Openbaar Onderw." leresipoen „SaWENING (gekenmerkt door) „Openb. Onderw."

II) katja 4, kol. 2, titel. „*Temtoe* loehoer ing tanah ke-Djawèn", leresipoen *TAMOE* loehoer . . . . ."

Tjengkoronganing babad Sastra-Djawi.

Poenika serat, isi pamedar-sabdanipoen Professor C. C. Berg, 20 Februari 1929, wekdal ngantjiking djoemenengipoen dwidjawara ing pamoelangan inggil ing Leiden.

Serat poenika kandelipoen namoeng 23 katja, nanging pamaos ingkang tjekap pangertosipoen dateng basa Walandi, lan kersa ndjlimet noetoeti poenapa ingkang kakersakaken déning Prof. Berg, badé ngamini, bilih boekoe poenika saèstoe galer² nedahaken, kados-poendidoe dados lan diwasaning basa² Djawi roemijin doemoegi sapoenikanipoen.

Koela nganggé temboeng „doegi-doegi lan basa-basa Djawi", poenika pantjèn kasedya.

„Doegi-doegi", sebab prof. Berg boten mimpang saking padataning para sardjana djati, senadjan tijang limrah sampoen poeroen mastani „ikoe koedoe mengkono", boten karsa ngoekiri toena-doengkaping rembag, mila tjengkoronganb abad sastra Djw. inggih dèrèng medal saking kinten² (Hypothese), kinten² mapan, awit mawi katrangan lan koepija.

„Basa-basa Djawi". Sakita ratjak boten mawi songga-roenggi mastani bilih basa Djawi ingkang sami kita anggé poenika inggih basanipoen tijang Djawi doek ngoeni, djaman Madjapait, Padjang Mataram, mindak-medak basa satoenggal, namoeng gebyar lan rerenggan gontas-gantos. Nanging sareng maos seratipoen tw. Berg poenika, margi tjetaning geret-geretanipoen, kepeksa ngakeni, bilih basa Djawi boten „mbanjoe mili" teroes tan pedot loemintoe doemoegi sapriki, wangsoel kados rerontjèning sekar, klempakipoen inggih satoenggal, nanging sekar adjeg pijambak-pijambak.

Boekoe kawaos mranani sanget, liripoen: maos boekoe poenika kita sasat dipoentoedingi boendelan kita, dipoenbikaki simpenan kita. Mila salebeting maos, pandjenengan woengsal-wangsoel tjingak, goemoen, mongkok, nanging terkadang inggih goemoedjeng-lingsem, déné wingi-wingi asring radi kladoek panginten kita menggah tata-soesilaning Djawi djaman roemijinipoen. Ngersakaken oepami?

Indoe-Ngadjeng (Ngatas-angin) lan tanah Djawi tjandi, ringgit, sekar, dongèng djagad Soeralaja oetawi kadéwatan, sami gadahipoen, lan gegadahan poenika sadjak toenggil sangka toenggil asal, malah kita boten ringa-ringa njiagah, bilih èstoenipoen sadaja-sadaja waoe genah sami, djer kita wontenipoen namoeng nedak-soengging Ngatas-angin.

Nanging tw. Berg, ing seratipoen katja 6 lan 7, paring priksa bilih temboeng „nedak soengging" kirang goematok, sebab ing prakawis kaseboet tijang Djawi inggih bekta oedoe pijambak, ingkang asal saking Djawi pijambak. Ing ngriki kita dados klintoe, nanging mongkok.

Kita asring ageng manah kita, menawi mireng para saged sami ngendikakaken bab kaloehoeran Djawi ing djaman roemijinipoen. Saking matem kita, boten mawi samar-samar ngoegemi, bilih tijang Djawi djaman samanten, i.p. djaman ndedel-ndedelipoen kraton Madjapait, bangbang pengaloem-aloeming djagad Asia-Kidoel-Wétan wonten ing ngastanipoen Nata Djawi lan th. Djawi saèstoe ngedoem tata lan rahardja dateng bawah-bawah waoe! . . . . Plenjèèèk! katja 15 prof. Berg ngendika, bilih menawi pandoeginipoen saèstoe petitis, boten makaten . . . . Makaten sateroesipoen.

Boekoe poenika sanès dongèng oetawi tjarijos, nanging para maos ingkang kersa nggatosaken, salebeting maos penggalih: keprijé iki engko dadiné! anggeré ora ndjoer tjoentel waé, pratanda bilih rembag ing ngrikoe saèstoe ndjlimet, moejeg! koela atoeri maos pijambak; arta f 0,75 dateng Boekhandel J. B. Wolters, Gang Scott 5, Weltevreden, boten sepintena, manawi katanding kalijan adji-pènining serat.

KOEROE SÉTRA.

Film - doenia.

Jasa oetawi damel film poenika toemrapipoen ingkang sampoen ngertos rékanipoen, gampil sanget, wangsoel toemrap ingkang dèrèng ngertos inggih angèl, angèl sanget, roewed mbingoengaken lan oegi anggoemoenaken. Mangka film poenika ing djaman samangké saweg padjeng sanget, saja saé saja katah jatranipoen. Saja malih manawi kasadé dateng pabrik oetawi djoeragan film ingkang ageng tamtoe padjeng sanget (katah jatranipoen), kénging kanggé soembang soeroeng tambal betah. Mangka jèn ingkang saé toer sregep dateng Locomotief poenika saged medal sèket — ta rak ngoengkoeli tjap kawandasa — dateng Koerier tigangdasa kawandasa ing sawoelanipoen. Poenapa boten kepéngin prijantoen? Jèn boten saged mrika inggih kénging dateng Keng Po, Sin Po. Bintang Timoer. Bintang Mataram. Dateng Kedjawèn oegi kénging, salah setoenggal poendi ingkang dipoensenengi kénging kémawon. Sedya-Tama??? Lha poenika koela boten terang. Kala anoe koela njoewoen priksa dateng . . . . pamongipoen, ngendikanipoen kok boten. Pangapoenten njatanipoen!??

Wosing atoer koela poenika namoeng nenangi, sinten ingkang badé sami pados jatra sarana sadé film. Mangga sinten ingkang roemaos kadoegi lan seneng ladjeng koela atoeri ngajati, saèstoe sampoen katlompèn. Gampil ta, gampil boten angèl, angger poeroen kémawon tamtoe saged. [1])

Kepareng ngladjengaken!? Film koela wiwiti saèstoe.

Film kanggé sinaoe (de film als leermiddel). Toewan Dr. B. Wood (Columbia-Universiteit) lan Dr. F. Freeman (Universiteit Chicago) mentas njarijosaken angsal-angsalanipoen anggènipoen njobi, moelang dateng laré 11.000 wonten 12 kita ing Vereenigde Staten, salebetipoen 10 minggoe: ingkang nganggé film kalijan ingkang boten kaotipoen sabedahap. Mèmper! Laré-laré kémawon ingkang mentas ningali film kongrès Sydney poenika jèn dipoenpoerih tjrita *langkoeng ramé langkoeng tapis* tinimbang laré ingkang dipoentjritani oetawi ingkang namoeng ningali gambaripoen. [2]) Jèn ingriki saged wonten sekolahan ingkang nganggé film, tijang doesoen ingkang bingah; éndjing saged njamboetdamel, sonten sekolah [3]) Koela djodo, waton boten klèntoe ing panganggé. Saja matoek malih manawi dipoendjodoni gramaphoon. Dados anggènipoen nerang-nerangaken tjekap nganggé mesin swara kémawon, boten soesah bengak-bengok.

Malih soepados saja ramé tanah ngrika-ngrika dipoentjampoer, kawedalaken wonten ngriki. Nanging anggènipoen ngedalaken waoe inggih namoeng dipoensampar-sampar satléraman kémawon.

Pangoeja-oeja dateng kadang Katholiek.

Mexico poenika sampoen dangoe wonten pangoeja-oeja dateng kadang Katholiek. Pengadjengipoen Sang ambek koemawasa President Calles. Sanadjan Calles sampoen boten dados President, nanging toemraping pangoewasa réka-dajanipoen taksih adjeg ingenoet ing persidèn ingkang goemantos. Djéndral Obregon sampoen sirna, sapoenika ginantos ing *Emilio Portes Gil* voorloopig kanggé doemoegi *15 Februari 1930— Lebar poenika ladjeng sinten??!* Ing sekawit Kamerleden ingkang sapérangan ageng nampik dateng *Emilio*

[1]) Babagan poenika para prijantoen kedah mawi ngèngeti: koran ingkang badé *kabijantoe* waoe haloeanipoen poenapa. Dados boten sakoran-koranipoen kémawon. Manawi ingkang kapanggalih namoeng arta, ndrawasi! Red. Sw. Tm.

[2]) Dados njata: piwoelang sasaged-saged kedah dipoenwoedjoedi. Red.

[3]) Poenapa sapoenika boten saged? Red.

KABAR ADMINISTRATIE.

Lengganan, ingkang 15 Mèi dèrèng maringi kirangan arta lengganan, sampoen boten katjaosan Swara Tama lan Soeara Katholiek malih.

Lengganan énggal kasoewoen bajar roemijin; manawi sawoelan sadadosipoen lengganan meksa dèrèng maringi, Swara Tama lan Soeara Katholiek sampoen boten sowan malih.

ADMINISTRATIE SW. TM.

Portes Gil, nanging *Calles* ngandika: *„Ikoe, déné lijané ora!"* Satemah inggih ladjeng namoeng noeroet. Hem, poenapa tjara repiblik? Tjara democratie??? President énggal poenika nalika pepanggihan kalijan wewakilipoen serat-serat kabar njarijosaken, jèn badé *neroesaken* lan *manoet pitedahipoen Callès,* sarta badé *nindakaken sadaja programanipoen soewargi Djéndral Obregon.* Sampoen semanten kémawon roemijin. (O, mèh kesoepèn! Boekoe „Mexico" karanganipoen sadèrèk A. S. D. sakedik-sakedik kénging kanggé oelar-oelar njawang pangoeja-oeja dateng tijang Katholiek ing ngrikoe! Mangga moendoet, dateng Drukk. Canisius, reginipoen boten awis). Gantos bedrijf, njandak *Moscou!* Lah poenika panggénan toek, dados agami Katholiek sanget dipoenkoeja-koeja *ngoengkoeli ing Mexico.* Nanging jèn dipoentalitèkaken Mexico poenika oegi saking Moscou Ortodoxskerk mestani jèn agami Katholiek ngodjok-odjoki Schismatiek soepados noempes Ortodoxs. Mila Ortodox ladjeng moering djadjabang mawinga-winga ngabrak-abrak tijang Katholiek agami Katholiek nedya dipoensirnakaken.—

Teroes kasambet tanah Tjina. Lha poenika prijantoen! ramé, terangipoen roewed! Ketingalipoen perang sami bangsa, golongan Nationalist kalijan Kolot, nanging sakdjanipoen oegi sanget anggènipoen ngrerisak, ngoeja-oeja tijang Kath. Angger katjepeng inggih sampoen tanpa oeroesan tanpa ampoenan. Mila wah resah èstoe, boten kantenan prenatanipoen. — Kèndel namataken filmipoen!

Kénging poenapa kok ing Mexico lan ing tanah Tjina kambah ing haroe-hara kados makaten? Wangsoelanipoen: Awit ing Mexico tijang Katholiek kirang merlokaken babagan poelitik. Tijang Katholiek 90⁰/₀ ning djiwa sadaja boten wonten sesoelihipoen wonten Kamer. Leres kempalan inggih katah, pakempalanipoen laré-laré boten kirang, nanging prekawis *poelitik* boten patos dipoenpreloni. Leres Kangdjeng Biskop ingrika oegi sampoen ichtijar sanget, nanging sampoen katoetoepan lawang tobat. Dados ichtijaripoen boten angsal damel!

Sapoenika ing Tjina? Tanah Tjina poenika oegi kepéngin madjeng kados Djepang lan tanah sanèssanèsipoen. Milanipoen laré-laré Tjina ladjeng sami kakintoenaken, soepados sinaoe wonten ing pamoelangan loehoer ing Europa lan Amerika. Kotjap sareng mantoek, sampoen sami pinter lan santoen pamanggih, awit nalika wonten ing pamoelangan angsal didikan ngèlmoe énggal wedalan Moscou sabangsanipoen, ngantos kesoepèn dateng *Allah.* Agaminipoen pijambak dipoensingkoer dipoensélaki, kaanggep kolot, sampoen boten soedi nganggé. Ingkang dipoensenengi ngèlmoe ingkang énggal. Pamanggihipoen badé kaetjakaken, karadinaken kanggé ngadjengaken tanah woetah rahipoen . . . . Nanging kedadosanipoen . . . . koela atoeri mriksani pijambak. Sapoenika djagad Katholiek Priboemi Indonesia kados-poendi? Babagan politiek saweg wonten P. P. K. D; poenika kanggé Djawi. Soematra? Borneo? Menado? Mekasar? Ambon? Kei? Flores? Kados-poendi? Tijang Katholiek priboemi pinten-pinten èwoe dèrèng wonten sesoelihipoen wonten ing *Volksraad.* Prekawis poenika kedah kaoedi sanget. Ladjeng prekawis student-student? Moehamad Hatta c. s. para maos sampoen mireng sadaja. *Dados jèn makaten tanah Indonesia jèn kirang-kirang begdja badé kados tanah Mexico oetawi Tjina salah satoenggal.*

B a s a L a t i j n. Basa Latijn boten badé kaanggep basa ingkang pedjah, nanging kanggé officieele taal toemrap Vaticaan. Mussolini tampi bintang Groot kruis van de Orde van het Heilig Graf.

Kados sampoen saoentawis radi tebih anggèn koela milm, mangga sapoenika wangsoel dateng Indonesia, ngiras ngaso. Nanging sadèrèngipoen ngaso, mirengaken panggroendelipoen bangsa Tjina ing Betawi. Kénging poenapa ta? Ing satoenggiling grija sakit (Ziekeninrichting) wonten Tjinanipoen sakit sanget inggih poenika Bah Tjam Ho Seng kalijan Tjeng A Tjong. Noedjoe satoenggiling dinten Tjeng A Tjong tilar donja. Ingkang makaten poenika ingkang djagi ladjeng ngabari ing sapreloenipoen. Kotjap ingkang wonten grija anakipoen djaler Tjam Ho Seng tampi wartos lantaran wijkmeester ingkang soeraosipoen jèn bapakipoen tilar donja, kala semanten djam 12 daloe. Sanalika oegi ladjeng pados peti kakintoenaken dateng grija sakit, sarta ladjeng ngabari dateng sanak sadèrèkipoen, lan rembagan badé pangoeboeripoen sarta tjetjawis oeba-rampéning sembahjangan dalah wiloedjenganipoen. Tjekakipoen sedija kados jèn Tjina kasripahan poenika. Wasana sareng doemoegi titi mangsaning pangoeboeripoen konangan jèn ingkang pedjah poenika sanès bapakipoen, nanging Tjeng A Tjong kaseboet.

Para maos saged nginten-inten sapinten nepsoening Tjina ingkang kapoesan sarta sapinten riboet lan soesahipoen pamili Tjeng A Tjong.

Sinten ingkang lepat poenika? Protès?

Ki dalang.
Sakoe kaloejar djana.

Film Indonesia.

Tweede Bedrijf.

Manoet Pers. Overzicht 9 Maart ktj. 292 ki Tjantrik Wilis roemaos mongkog, ngèngeti ébah-ébahan nationalisme ing Noeswantara, kadosdéné ingkang tansah kapropagandakaken ing P. N. I., ingkang pitados ing kekijatan pribadi. Koela roedjoek sanget dateng actie kados makaten, koela alembana sanget; oeger boten namoeng doemoenoeng ing . . . . tok kémawon; nanging kedah tjantjoed saèstoe. Kekijatan pribadi!! Inggih, nanging sampoen namoeng kekijatan moelitiek tok kémawon; mbok mangga kakijatan mitoeloengi bangsa kita ingkang nandang sangsara oepami: para tijang woeta, laré lola, loempoeh; l. s. p. *) Bab poenika sampoen wiwit dipoentandangi. Mangga koela atoeri énggal nandangi bab wontenipoen „bandjirfonds" saja kanggé Sala, ingkang saben taoen temtoe wonten kasangsaran margi bandjir, apesipoen sataoen sapisan. Ing Solo klebet madjeng bab prakawis „nationale beweging" katah ingkang ngaken „nationalist"; nanging. . . . Tjobi ta kagaliha; la wong bangsanipoen keleban, ngoengsi ing panggénan sanès, katah ingkang sami tilem ing èmpèring grija patjinan, katisen, tedanipoen saketjepengipoen, katah karisakan, kok dilampoe ngétja-étja, pit-pitan, pantalonan, matjak keras, ningali lampahing toja; malah wonten ingkang ngétjé, noempak baita, mandolinan, krontjongan, glènggang-glènggèng; é, é, kaja kebon-radja dong maleman. Nationaliteits-gevoel kanggé Solo pantjèn madjeng, ning arep nggo ngétjé bangsa lija, dienggo ngétjé golongan lija sing dianggep nggolong bangsa lija. Mangga sadèrèk ingkang ngaken loyale nationalisten, koela atoeri ngetingalaken Nationale-daden pandjenengan; ning tjara nationa . èstoe, sampoen ngantos Nationalist-boenglon. Lo, kok tekan boenglon; kados-poendi poenika. Gegajoetan kalijan poenika, kapeksa ngeloes dada, maos ing persoverzicht oegi „Oetoesan Sumatra" semoe njoenggi tw. Stokvis ing Nederland, bestuur S. D. A. P. Oetoesan Sumatra poenika s. k. ingkang haloean „nationalistisch". Mangka Nationalist lan Socialist poenika kedah songkolan; ngalèr ngidoel. Socialist komplot Communist lan ist ist mblasar sanèsipoen. Ning emboeh ding „Koloniale Nationalisme". É, warna-warna!! Modèl abad 20! Malah Congrès P.I. ing Nederland, ingkang katoentoen sad. Moh. Hatta; déné wàrganipoen para Studenten, ingkang tjalon dados „Indonesische Volksleiders" inggih sadjati ting lan Socialist . . . . ? Malah wonten wakil Communist saking Duitschland; wakil anti-imperialisme. Wadoeh, kampioen!! Malah, ingkang njolok mripat sanget, pangkatipoen sad. Hadji A. Salim dateng Geneve, dateng Volkenbond kémawon kok ndadak saking dajanipoen S.D.A.P., pangoendang saking N. V. V. (Nederlandsch Verbond van Vakvereenigingen). Ragadé olèh ka kana pa ja? Mengko gèk ragadé barang! Wah, saja memelas. **) Poendi doenoengipoen: „Vertrouwen op eigen kracht?" Wakil saking Hindia ngriki oetoesan saking Regeering i. p. R. A. A. Djajadiningrat. Sad. Dj. ing O. Sumatra moering-moering, roemaos boten marem, mastani boten wonten goenanipoen th. Hindia gadah wewakil wonten ing „Geneve, ing Volkenbond." É, é, wong ki pantjèn warna-warna banget; jèn ora diwènèhi ndjaloek, jèn diwènèhi . . . . . noeli emoh, tanpa goena, koerang sampoerna, koerang . . . . koerang . . . . koerang. Bésoek kapan maremé? Apa kelakon mbésoek jèn diwènèhi kamardikan; bandjoer: „é, é, boten mawon, angèl wong nata pradja nikoe, mangka moengsoeh ndjaba empoen pating tjrangoek. Noewoen, boten mawon." É, é, mblaèni jèn mangkono; nggoedjengaken èstoe.

Semanten roemijin, embèn-embèn kaladjengaken. *Bb. Hercules.*

*) „Kekijatan pribadi" poenika jèn boten sembada saèstoe, malah ngisin-isini.
RED. Sw. T.

Poenika lo.

1. *„Bersatoe oentoek menentang lawannja ialah kaoem keristen,"* makaten wosing pangadjak dateng para kadang Moeslimin, wonten ing parepatan: Moehamadijah oemoem ing Djember, nalika 15/16 April 1929.

Éééée . . . . . . toblas-toblas! dados anggènipoen: bersatoe poenika kanggé makaten? Toedjoe no. 1 boten kanggé kawiloedjenganing tijang? mangké gèk anggènipoen jasa poenapa-poenapa poenika toedjoenipoen inggih makaten . . . . ?

Éééée . . . . taksih nganggep mengsah kémawon? Poenapa taksih dèrèng pitados dateng: *„djasanipoen"* kristen dateng tijang Djawi. Poenapa: Islam boten mangertos bilih Sang Kristoes poenika oetoesaning Pangéran? dados agami kristen saking Pangéran?

Mangga: koränipoen dipoenbijaki?

Kalijan malih . . . lah tijang agami teka mengsahan, lo, kepanggih pinten prakawis? saking poendi? agami poenika rak sami déné antepanipoen pijambak-pijambak ta?

Boten kémawon, kok! Boten mengsahan—, wontenipoen sami gesang sareng, nganggé antepanipoen pijambak-pijambak, déné toemrap pentjaripoen, wontenipoen ladjeng kados déné tijang mandé, badéa dipoentawèk-tawèkaken poenika, manawi barangipoen awon inggih boten padjeng, sawangsoelipoen . . . . Poenapa koela adjrih mengsahan? boten, nanging soetik, awit mengsahan poenika manawi boten maton, tiwas nebihaken sadèrèk, toer nandakaken: *tjètèkipoen pamboedi.*

2. *Persatoean Coöperatie „Indo-*

**) Manoet verslag vergadering P. S. I. Betawi, késahipoen H. A. Salim, P. S. I. angragadi ± f 7500 kasanggi ing tjabang-tajbang. RED. Sw. T.

OBAR-ABIR!!

1. *Sw. T. No. 14. (Ki Demang 40-an).*

Mas Demang sadjaké mampang-mampang dateng sadèrèk, ingkang kados sad. Pak-Soe. Koela inggih klilan poenapa mampang-mampang, Mas Bei? . . Nanging rèhné koela nanggapi sanget dateng wasita-tama ndemangan, mila bab Pak-Soe koela tjekak samanten kémawon, sanadjan koela ngertos saterangipoen prijantoen poenika.—Ki Demang sadjaké kok radi remen paben! Dadi ora ndèwèki ta ngaten, awak ndètèng! Tandanipoen: sareng koela boten mangsoeli, ladjeng gobrag-gabroeg pijambak! Rèhné saweg anoe wangsoelan koela sampoen tjekap, lan oepami wontena kirangipoen Mas Demang sampoen kersa ndjangkepi, mila koela namoeng kantoen kèndel.

2. *Sw. T. No. 14. (Sad. Soe-Tédja).*

Tah! tah! tah! lé mBaladéwa ki ta nèèèh, prijajiné kwi! Moeng kémawon, nèk doeka poenika mbok inggih dipoenwastani kémawon, sinten ingkang dipoenkersakaken! Gèk ndjoer sadaja! Sadèrèk, Kantja, Swara Tama, kadang Katholiek! Menawi ingkang kaintjer koela, poen ngendikani kémawon: „Pram, temboengmoe sok njerikaké!" Koela ladjeng matoer: „Indjiih, mbéndjing malih boten?" Nanging menawi dipoenawiti, koela boten saged tanggel, bilih tansah badé saged kèmoetan dawoehipoen. Kersanipoen sad. Soed, koela rak boten ndikakaken nglélaléla prijantoen ingkang koela djak rembagan, ta, noen?

Koela dipoenkroeboet ???. . Ning poenika leres sanget! Koela poenika namoeng kodok saminipoen, mangka tijang poenika radi katah ingkang karem soewiké!! Prakawis anggènipoen koela kanggé patjitan . . . . . . lha mbok kadjengipoen, ta prijantoen! Menawi prijantoen ingkang njatria, rak inggih kados ngendika pendjenengan, tegesipoen: wonten ing pirembagan ingkang kaperloe njata-botenipoen ingkang koela atoeraken, maton botenipoen atoer koela. Jèn lepat, koela matoer noewoen dipoenparingi soemerep leresipoen; déné menawi atoer koela leres, mangka koela meksa kagem, patjitan,— lha kok sadjak à la Papoea!—koela namoeng badé gantos nama kémawon, Tewèl poenapa Gendjé, botenipoen inggih Ketjoeboeng.

3. *„De Tijd, 26 Mrt, '29," de bl.*

Kagem waosan ndara-ndara Njonjah Kath. ngriki

5-5-7-Apr, ing Amersfoort wonten parepatan ageng, parepatan wanita Kath. Bakoening rembag: OE-DOENÉ WANITA ing actie Kath."

PROGRAM:

5 Apr. djam 11 ½ pamboeka ing Kapel, mawi: Rawoeha Hjang Soetji.
djam 12, majoor G. Huijs medar sabda bab: Apa ta actie Kath. koewi?
djam 2½ Pangarsa, Mej. T. Post medar sabda bab: Toedjoe, sarana lan toemindaking pakempalan wanita Kath.
djam 8 (sonten) wonten wanita ingkang ngrembag: panoentoening para propagandist, lan padamelanipoen club-club propaganda.

6 Apr. djam 6. Pendjenenganipoen Rector v.d. Hengel: bab pakarjan oetami lan actie Kath.
djam 11 ½ Mevr. F. Steenberghe-Engeringh: Toedjoe, sarana, lan lampah-lampahipoen manoenggiling pakempalan Wanita kalijan pakempalan Wanita ngamantja negari . . . . .
djam 2½ Mej. Romme: Pakempalan-pakempalan Wanita neutraal.
djam 8. Pater Damasus: Kados-poendi para propagandist kedah tindak lan tradjangipoen.

7 Apr. djam 9. Rector v.d. Hengel: Wadjibing sadaja ingkang njepeng tetangelan.
djam 11½ Mej. Post: Wadjibing warga-pangerèh, lelajananipoen kalijan Pangerèh lan propagandist.
djam 2½ Rector v.d. Hengel: Gesang kebatosanipoen para Wanita ingkang sami toemoet nandangi pakarjan sosial (oemoem).

Bab nama-nama lan djam boten sah dados rembag; ingkang koela atoeri migatosaken poenika toemindaking rembag! Regeng, djangkep, intellectueel, Katholiek, actief! Para ndara Njonjah Dk. sampoen katingal badé nedak-soenging; mangga, ta, géné Juffr. Juffr. sampoen katah ingkang wedalan Mendoet, oetawi Ambarawa, Verpleegster inggih sampoem katah! mBok tjobi, lèsinglèsingan!

4. *„Het Nieuws" martosaken, bilih* ing Goemermèn Djawi-Kilèn wonten voorstel, kawontenana Wedana ambijantoe Gouverneur, tinanggenah ngoelat-oelataken pakempalan-pakempalan Nationalis. Pers ngriki wonten ingkang soemamboeng boten njodongi, kamanah politie sampoen tjekap, wontenipoen Wadana kados kasboet, ngindakaken ragad negari, poeapa malih ngalang-alangi adjenging tijang ngriki. — Pamanggih koela pijambak: mila wonten oesoel kados makaten, semoenipoen inggih margi politie dèrèng njekapi. Prakawis paos: blandja Wedana satoenggal, poenapa ndadak ngindakaken paosipoen tijang sa-Djawi-kilèn?. — Bab anggènipoen ngalang-alangi: oepami pengandjoer-pengandjoer langkah ing wet, ngantos ka-Digoelaken oetawi ka-preventief, poenika adjenging tijang ngriki badé rekaos.

Prakawis sadjinis poenika i.p. tradjangipoen ingkang Boepati ing Pekalongan; margi anggènipoen naliti prijantoen Goeroe ingkang magepokanipoen lan P.N.I., poenapa déné anggènipoen dawoeh motjot djoeroe serat Afdeelingsbank, djalaran lestantoen lid P. N. I., sanadjan sampoen dipoen „lo-éling", pendjenenganipoen radi kamanah kirang sekétja déning sadèrèk Djawi pijambak, malah ngesing panjakra-bawa: pendjenenganipoen tjidra dateng sadèrèkipoen pijambak, ngalang-alangi kemadjenganipoen tijang ngriki. Prakawis poenika nggèn koela ndjodokndjodokaken makaten: Sad. Djawi ngéngingaken poenapa boten tijang Djawi dados Regent? Menawi ngéngingaken, kita rak inggih kedah ngéngingaken Regent nglampahi poenapa ingkang dados wadjibipoen. Tintinganing rembag: kantoen maspaosaken: tradjang kados ingkang kaseboet poenika medal saking wewenangipoen Regent poenapa boten. Jèn boten, inggih sampoen; menawi medal kita namoeng kantoen . . . . protest! Émoet, ta, sadèrèk! Wadjib, inggih wadjib!!

6. *Ha rak mangkelaken poenika!* Ingkang mangkel sanès kita, tijang Kath., nanging sadèrèk ingkang sampoen kelangkoeng mangkeli dateng Partij Kath. ing Negari Landi. margi anggènipoen kados-kados malangi wontenipoen Inlandsche Meerderheid. Djeboel? Sareng kasetèm ingkang tegen namoeng setoenggal, tw. H. M. J. Blomjous! Mangka lid Eerste-Kamer wonten pinten? Malah-malah Dr. Steger (R.K.) kados ingkang katjeta ing tilgram saking Den Haag 19 Apr., ngendika: bilih sampoen wadjibing pradja ingkang gadah koloni ndjagi, soepados tanah koloninipoen saged djadjar lan djèdjèr kalijan pradja-pradja, poenapa déné saged nindakaken wadjibing negari. Lan „Wewenanging-awèhpengajoman (Voogdij-rechten)", ikoe ana watesé, lan jèn woes katon „disawasané" si koloni, ora kena kamardikan ora di-enèbaké. Nanging... tijang ingkang radi kirang tjotjog lan tjadjangipoen prijantoen Kath. poenika, boten sah ngagem pangandika waoe kanggé dedamel; djalaran poesering rembag wonten „diwasa" ngrikoe. Lha sampoen poenapa dèrèng! Prakawis poenika kénging kapaben ngantos . . . . berem-biroe. *Pramila.*

PANOENTOENING LARÉ.

Sambetipoen Sw. Tm. no. 14.

pitados dateng kekijatanipoen, boten mangoe-mangoe ing manah, boten soemelang dateng wasananipoen, linampahan kanti satiti, tartamtoe badé saged kadoemoegèn poenapa ingkang sinedya.

Manawi ginagas-gagas, dipoenraos-raosaken saèstoe, padamelan merdi laré, moelang moeroek, nggoela-wentah, poenika satoenggiling padamelan ingkang moelja, makaten poenika manawi linampahan kanti samestinipoen. Kawontenan ing donja poenika lestantoenipoen sapérangan ageng goemantoeng wonten ing goeroe sekolahan andap doemoegi para propèssor-propèssoring sakolahan ingkang loehoer-loehoer. Menawi ing salebeting satoes taoen sadaja goeroe dipoenawisi moelang, sekolahan katoetoep sadaja, donja badé malih wangsoel kados djaman kina, kala dèrèng katah pamanggih ingkang damel gawok. Sadaja goeroe sekolahan andap doemoegi sekolahan loehoer poenika amangoen awak-awak ingkang nggandèng djaman wingi-wingi kalijan ingkang badé dateng. Kasagedan saha kalangkoenganipoen para ingkang sampoen mantoek dateng djaman kalanggengan oetawi teksih gesang, winoelangaken moerih sampoen ngantos itjal, dateng para ingkang tjalon nggentosi dados poeradjana, angrembag radja-niti, nindakaken peprèntahan negari, dados goeroe, lan sapanoenggilanipoen. Awit saking wontenipoen goeroe-goeroe, sadaja para moeda saged njoemerepi kalijan énggal sarta gampil, poenapa ingkang dipoen-oedi kanti rekaos lan dangoe ing tijang djaman roemijin. Lan malih kapinteran saja mindak-mindak sarta tebanipoen dados wijar, sarèhning pandamelanipoen goeroe poenika mikantoeki sanget dateng oemoem, migoenani ageng toemrap tanah woetah-rah, mila oeger linampahan kalijan samestinipoen, tetep nama loehoer moelja.

Goeroe wadjib gadah pangadjeng-adjeng, manawi saged nggajoeh ingkang saé. Kedah gadah kapitadosan, manawi laré poenika inggih saged nggajoeh ingkang loehoer-loehoer. Ananging kapratjajan waoe sampoen ngantos malih dados pangoedja, oet. noeroeti laré. Awit laré poenika dasaripoen boten sampoerna, katah tjatjadipoen, ananging kénging tinoentoen dateng kaoetamèn, nggajoeh dateng kasampoernan sadjatos. Manawi kasampoernaning laré poenika kalebet toedjoewanipoen panggoela-wentah, boten badé itjal rekaos saha pamesoening sarira sarta pangoeliring boedi para sadèrèk goeroe ngantos badan kraos marloepa.

Goeroe ingkang ngretos paosing sarira lan ndjagi dateng wewenangipoen, temtoe inggih gadah kapitadosan dateng badanipoen pijambak. Kapitadosan ingkang makaten waoe noekoelaken kekendelan, sarta teteging tindak tandoek. Koewanènipoen goeroe angéwahi tindak nalisir, jèn linampahan kanti ngatos-atos temtoe badé manggih rahadjeng. Déné jèn wonten laré kadoek wani, lepatipoen inggih wonten ingkang noentoen, awit kalanipoen njobi sepisanan ngetingalaken kekendelanipoen ingkang lepat, boten énggal-énggal dipoenperangi, mila dangoe² saja ndadra. Béda oepami saweg wiwit katingal kemadjon sekedik kémawon sampoen dipoentanggoelang, dipoenkapokaken, temtoe laré inggih ngroemaosi, sarta ing sadaja tindak-tandoek badé boten nilar pangatos-atos.

Bab agenging dajanipoen pitaja, poenika boten soesah karembag pandjang, déné jèn kasetitèkaken, wohipoen inggih ketingal katah. Padamelan nggoela-wentah poenika boten rampoeng linampahan sawoelan kalih woelan, ananging ngantos laré doemoegi ngoemoer, saged madeg pijambak, sarta kedah kanti sabar, tlatos toewin pandjagi ingkang saèstoe. Amardi laré ndadosaken tijang, poenika laminipoen kirang langkoeng kalih dosa taoen. Selebeting samanten taoen waoe djoeroe mardi séwaja boten kénging kirang waspada, kedah titi ing pamriksanipoen. Manawi poenika dipoenlirwakaken, kirang ngatos-atos ing tindak, lepat tjaraning panoentoen, saged ndjalari tjabaring pandamelan. Boekoeboekoe ingkang soeraosipoen boten saé, panggosokipoen kantja-kantja ingkang moersal, saged midjèni awon, oetawi ngrisak watak ingkang dipoendjagi kalijan rekaos. Sanadyan

nesia,— ingkang madeg kala Juli 1927 doemoegi titi mangsa poenika sampoen wonten pakempalan dagang 11 lan warga tijang pinten-pinten ingkang sami loemebet dados warga. Sadèrèngipoen congres woelan Augustus poenika: Vice Voorz. T. H. Thamrim badé moebeng ngideri tanah Djawi maspaosaken wontening padagangan-padaganganipoen tijang Indonesia.

Moegi-moegi kémawon: P. C. S. waoe saged ageng sampoerna, dados pangaoebaning para soedagar Indonesia, sageda lelawanan pijambak lan nagari sanès, ngaoebi ingkang ageng ngantos doemoegi „*kleermaker*" ingkang padatanipoen ngèbèr, njamboet badé-badé dateng Tjina, wasana sageda timbang kalijan pambengokipoen Indonesier ing temboeng: *merdikaaa.*

Lah manawi sampoen timbang, saweg kémawon kénging dipoenwastani anggendoeki. *Ri-mawar Dk.*

OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK.

Verslag verificatie-commissie v. Lith-fonds.

Djokjakarta 21 Maart 1929.

Ingkang nandani tangan ing ngandap poenika J. Prawirasoemarta, F. Oetaja kalijan C. Soegiri warganing verificatie-commissie, ingkang dipoentetepaken nalika congres P. K. W. tanggal 24 Februari 1929 kanggé mriksa artaning van Lith-fonds, sampoen nindakaken pandamelanipoen nalika tanggal 21 Maart 1929, kepanggih tjotjog.

Kawontenanipoen arta doemoegi dinten poenika kados ing ngandap poenika:

Tampi	f 1407,11
Medal	f 110,96
Saldo	f 1296,15
Wonten ing spaarboekje	f 1231,94
„ „ hartaka	f 64,21

J. Prawirasoemarta.
F. Oetaja.
C. Soegiri.

Malakkah.

Tanggal 21 Oct. taoen kapengker K. Biskop ing Kuala-Lumpur nampèkaken Sakramèn ka-Imaman ingkang sapisan dateng sadèrèk Indoe ing Missie ngrikoe.

Imam sanès Missionaris saking Éropah, ing ngrikoe: ingkang bangsa Tjina 3, bangsa Cirasi 3, bangsa Indoe satoenggal waoe.

Kanti tjondonging panggalihipoen K. Biskop ing Malakkah Mgr. C. Barillon, pendjenenganipoen Prefect ing Bangka lan Billiton marengaken Imamipoen satoenggal, soepados ngladosana sadèrèk Katholiek Walandi ing Singgapoer. Déné rawoehipoen Ngahad kaping I lan II; Ngahad sanèsipoen kagem ngoebengi para Katholiek ingkang sami soemebar ing poelo-poelo Riauw.

Djepang.

Kala riadi Sang Nata Christus, 28 Oct. 1928, pendjenenganipoen Rama del Toro, S. J., wonten ing kita Sao Paulo (Brazilie, Amérikah Kidoel), mbaptis tijang Djepang 52. Nalika poenika pendjenenganipoen tampi serat saking Admiraal Djepang Katholiek Yamamoto, soeraosipoen sang Admiraal bingah sanget déné wonten sadèrèk samanten ingkang manggih karahajon. Bingahipoen waoe boten margi wonten tijang kesasar semanten samangké manggih margi leres, nanging sebab mertobatipoen tijang 52 poenika kénging kaadjeng-adjeng tembé wingking badé dados bibiting tijang katah sami mertobat, inggih tijang ing Djepangipoen pijambak.

Rama Pastoor kaseboet mangsoeli: mèh saben dinten pandjenenganipoen nampi panjoewoenan saking sadèrèk Djepang ingkang wonten ing Brazilie ngrikoe, sami njoewoen baptis.— Saking katahing pandamelan, samangké Rama waoe kabijantoe ing djoeroe pamoelang tiga ingkang pandamelanipoen boten sanès kedjawi moelang Agami.

Sambet kalijan poenika, wonten ing Djepang, Rama Heuvers S. J. boten kendo lan boten kendat panggarapipoen sadèrèk Djepang (dèrèng Katholiek) ingkang sami badé bebara dateng Amérikah Kidoel. Rama Heuvers kabijantoe ing Imam sanès satoenggal. Dèrèng dangoe poenika pambijantoenipoen Rama H., salebetipoen 8 dinten njenjorahi sadèrèk Djepang bab Agami. Perloenipoen, soepados menawi tetijang waoe sampoen sami mapan panggénan lan manahipoen, sasampoena naté mireng bab Agami Katholiek.

Doemoegi ing Brazilie sadèrèk bebara waoe katampèn déning satoenggiling Rama ingkang ladjeng nedah-nedahaken lan mernah-mernahaken. Pitoeloenganipoen para Pastoor ingkang kados makaten waoe, ingkang katah-katah boten tanpa woh. Amargi, sanadjan tijang waoe boten sami mertobat sanalika, nanging dangoening-dangoe meksa sami ngroengkebi Agami ingkang mentas sami dipoenpireng poenika.

Tanah Tjina.

Kanti renaning panggalih Pasamoean Soetji wiwitaning taoen poenika priksa, bilih tjatjahing Imam Priboemi ingkang sami njamboetdamel wonten ing boewana Asijah sampoen langkoeng saking satengahing Imam sadaja ingkang makardi ing boewana ngrikoe.— Tjatjahing Imam ing Asijah samangké 4.263, ingkang $52\frac{1}{2}\%$ bangsa Priboemi.

Déné ingkang mitongtonaken sanget bilih Pasamoean Soetji saèstoe menggalih, sagedipoen ngedegaken distrik-distrik ingkang sami bawa pijambak, i. p. bab adeging Seminarie-Seminarie séntral.— Para Biskop (Vicaris) toewin Prefect-Prefect satanah Tjina, kapengadjengan déning Oetoesan dalem K. S. Bapa, Mgr. Constantini, sampoen sami nemtokaken adeging Seminari séntral 15. Ingkang 9 sampoen dados, 3 dèrèng. Kedjawi Seminari 9 poenika teksih wonten Seminari jasan sarta kagoenganipoen para Biskop pijambak-pijambak. Poenika sawetawis kedah badé itjal margi adeging Seminari séntral-séntral kaseboet.

Samangké (1929) tjatjahing Imam Priboemi ing th. Tjina wonten 1.271. Moerid tjalon Imam kados ing ngandap poenika:

Voorbereidende scholen	1.102
Seminari alit (middelbaar onderwijs)	2.202
Seminari ageng (philosofie en theologie)	803
Sadaja	4.107

(kawan èwoe satoes pitoe).

1. Taoen poenika kweekschool Mtl. mbabar sawoeng katahipoen 19, ingkang kénging kaadjeng-adjeng actie-nipoen, toemoet reréntjang ndjembarakenkratonipoen Sang Kristoes ing tanah Djawi. Sawoeng semanten waoe ingkang dateng Seminari kalih dateng H. K. S. kalih. Peng-pengan.

2. Kala tanggal 4 toewin 6 woelan poenika, ing pasraman Mtl. dipoenwonteni vaardigheidsproeven. Tjatjahing laré ingkang angsal vaardigh.-diploma oelah-raga toewin medali sadaja 27. Oelah-raga ing Mlt. poenika oepami sekar ngaten, saweg mèdem, badé megar.

Ingkang mekaten waoe nitik saking sesorahipoen tw. de Gruiter, ingkang moelang oelah-raga ing ngrika.

3. Béndjing tanggal 12 Mei poenika, ingkang Sinoewoen Kangdjeng Bisschop ing Betawi badé tedak ing Mtl. ngriki, maringaken Sacr. Kapradjoeritan. Dados Mtl. badé kadawahan kabegdjan ageng!

4. Kapilih dados „kiesman" kanggé pilihan Regentschapsraad R. J. Djajaatmadja, R. M. B. Djajaéndra, R. Soejana.

Leve Moentilan.

„R.M. Bril. Moentilan." njerat:

„*Tijang ningali*" ing Medari martosaken ingkang soeraosipoen kados ing ngandap poenika:

Ing woelan Sawal taoen 1927 Canisiusstichting mbikak pamoelangan vervolg ing Toeri bawah Medari, manggèn ing grija séwan Kembangaroem.

Ing taoen poenika grija sekolahan sampoen dados. Nalika tanggal 19 April 1929 ing sekolahan dipoenwonteni ramé-ramé. Ingkang ndatengi: Wedana, Ass. Wedana, goeroe-goeroe, loerah-loerah doesoen l.s.s.

Sijang djam 10 sadaja moerid dipoenarak saking dalemipoen Ass. Wadana dateng sekolahan mawi gamelan.

Sadatengipoen ing sekolahan katah para moerid sami sesorah, manembrana toewin matoer noewoen dateng sadaja ingkang sampoen ngwontenaken karaméan, sarana nggelar goena warni-warni, wonten ingkang njekar, menjanji, mbeksa tjantrikan, main pentjak toewin boksen, sadaja katingal saé boten wonten ingkang ngoetjiwani. Ingkang oegi pantes pinèngetan kala samanten wonten moerid èstri sesorah.

Mantri goeroe ing pamoelangan ngrikoe nerangaken, bilih sekolahan ing Toeri kalebet madjeng, tjatjahing moerid (kl. V) sampoen tamat 30-an ingkang dados kirang langkoeng 50 % (Klebet dados moerid Norm. Sch. Solo lan Moentilan, Curs. goeroe doesoen, ambachtsschool, Kala samanten inggih dipoenwonteni Volkspel, damel senenging para moerid.

Minangka panoetoeping karaméan, ingkang Ass. Wadana lan wakiling Bestuur Canisiusstichting paring sesorah dateng para moerid sarta sadaja tijang anèm sepoeh ingkang wonten ngrikoe.—

— Sadaja ingkang kaseboet ing nginggil, sedyanipoen namoeng nenarik manahing laré sarta soeka pitedah dateng tijang padoesoenan soepados samia njakolahaken anakipoen.

Sadèrèk P. martosaken:

Nalika tanggal 21/4-'29 R.M. Soerjamoersandi lan P. Kamdam sami dateng Mendoet, perloe ngandaraken bab Priesterfonds, djam 9 tèng pakempalan kabikak, déné ingkang nenggani prijantoen 23. Sasampoenipoen prakawis² kaandaraken sadaja, ladjeng débat ramé, adamel regengipakempalan. Sarta katah para prijantoen ingkang sami moendoet pirsa roepi-roepi, ladjeng kaatoeran wangsoelan ngantos damel maremingpara prijantoen ingkang sami moendoet pirsa, wekasan P. Kamdam ladjeng ngandaraken serat panjoewoenan dados warga, lan nerangaken katah-katah, wasana prijantoen 23 ingkang sami nenggani sami karsa dados lid sadaja, sarta sagah sami dados propaganda lan sami moendoet serat (blanco) panjoewoenan dados warga.

Atas asmaning propaganda kekalih matoer noewoen dateng para prijantoen Mendoet, déné sampoen karsa nampi lan karsa dados lid, toewin paring sesegah roepi²roepi. Wasana manawi wonten kirang oetawi langkoengipoen koela njoewoen pangapoenten. P.

Ing Madijoen ladjeng wonten raosan badé ngedegaken pakempalan Volkshuisvesting. Manawi makaten, Nagari gemeente sarta pakempalan waoe badé saged roeroekoenan ngedegaken grija séwan pinten-pinten, saé-saé. Dados boten badé kados sapoenika, prijantoen ingkang kapindah mrikoe woewoelanan anggènipoen kedah manggèn ing hotèl ngentosi wonten grija soewoeng.

(Para maos sampoen kalèntoe tampi kawontenan ing nginggil poenika ingkang kinadjengaken grija séwan kanggé bangsa Éropah. Poenapa grija séwan kanggé prijantoen Djawi inggih angèl?)

Sekolahan énggal.

Manoet pamirengipoen *Het Nieuws* salebetipoen taoen poenika ing tanah Djawi badé wonten bikakan sakolahan E. L. S. 15, angka kalih 100; sekolahan doesoen 400; H. I. S. kalijan Schakelschool 12; Mulo: 2, ingkang satoenggal wonten Pekalongan, sanèsipoen taksih badé katamtokaken.

Kedjawi poenika, Djepara badé dipoenwonteni koersoes ngoekiroekir, kanggé ngadjengaken njinaoe oekir-oekiran Djepara ingkang sampoen misoewoer poenika. Oegi badé winewahan Ambachtsschool mawi Nederlandsche afdeeling, soepados laré saking ngrikoe boten namoeng dados kunstenaar, oegi dados toekang.

Departement Onderwijs sampoen moetoes: sasaged-saged adeging sekolahan-sekolahan Ambachtsschool *kapasrahaken dateng katijasanipoen golongan partikelir,* Nagari namoeng badé maringi soebsidi.

Pangiridan.

Manoet tjarijosipoen *Het Nieuws* semoenipoen nginggil saweg ngrembag oesoel: pangagenging Militaire Geneeskundigen Dienst ingkang sapoenika apangkat generaal badé kagantos kolonel kémawon. Sarta, dierGeneeskundigen dienst badé kagamblokaken malih dateng M. G. D.

Tjandoe.

Salebetipoen kwartaal I ing taoen poenika, tjandoe ing Djawi Kilèn ingkang kasadé wonten 22.666 tail pangaos f 680.000. Jèn katanding kalijan kwartaal I taoen 1927 moedoenipoen wonten 1%.

Sadèrèk C. Hardjasoedalsa ngabaraken saking Madioen ddo. 28 pril '29, makaten:

1. H. I. S. zusters Ursulinen. Mitoeroet besl. P. K. T. Directeur O en E. tg. 18 Februari '29 No. E 16/3/24, sakolahan kasebat nginggil tetep angsal sudsidie. Béndjing tanggal 10 Juni '29, wiwiting taoen sakolah 1929-1930 moerid djaler lan èstri badé kapisah, kawiwitan wiwit kelas 3 lan 4.

2. Kala tanggal 24 Maart '29 pakempalan Melania ing Madijoen mbikak sakolahan wonten kampoeng Kletak, kanamakaken „Mardi-Wara" Prijantoen B. B. wonten tiga ingkang ngrawoehi: Bendara Patih, Bendara Wadana lan Bendara Assistent Wedana. Prijantoen poetri wonten satoenggal inggih poenika garwanipoen Bandara Assistent Wadana. Para tijang sepoehipoen moerid inggih katah ingkang ningali. Moerid wonten soewidakan. Ingkang dados goeroe wedalan Normaalschool èstri ing Ambarawa. Moegi sakolahan waoe widadaa.

3. P. G. H. B. cursus. Kala dinten Slasa tanggal 9 April '29 P. G. H. B. cursus kanggé eindexamen Normaalschool, ing Madijoen kabikak, mawi nampi moerid 37. Sadèrèk saking Kweekschool Moentilan wonten kalih ingkang toemoet moelang. 1 sad. Reksahadisèwaja lan sad. Hardjasoedalsa.

4. J. J. Padvinderij. Kala tanggal 20 April '29 wantji sonten ± 5,30 doemoegi 7,30 J. J. P. Madijoen moeljakaken 50 taoenipoen R. A. Kartini lan riajanipoen St. Joris. Kalih-kalihipoen katjarijosaken lelampahanipoen St. Joris ingkang njarijosaken sad. Hardja.

5. J. J. Madijoen. Sareng sadinten kalijan nginggil wiwit ± 8,30 doemoegi 1,30 J. J. Madijoen ngawontenaken Openbare propagandaavond, kalijan mèngeti J. J. sampoen ngoemoer 14 taoen, tjabang Madioen 10 taoen. Tamoe katah sanget. Buffet katingal laris. Tentoonstelling handwerken saking meisjeskring katah papadjenganipoen. Propaganda saged angsal indakan lid lan buitengewoon lid 24.

6. P. P. K. D. Madijoen. Wiwit dinten Akad 21 April '29 warga P. P. K. D. Madijoen angsal woelangan Apologie saking Rama pastoor van Megen. Woelangan kawoelangakenpendak Akad sonten bibar Lof.

C. Hardjasoedalsa

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

Ngèsti tentreming djagad.

Pandjenengan sampoen sami pirsa: kala 14 September 1815, ing Éropa wonten bedamèn. Bedamèn waoe katelah oegi anama: H e i l i g e A l l i a n t i e. Sebab, jèn dipoenpatitisaken nawoeng sedya ngèsti katentremaning djagad! Bedamèn Alliantie waoe angantawisi bilih nagari-nagari ing Éropa anjingkoer perang.

Nanging kabekta saking éwah gingsiring lalampahan, tetijang saja dangoe saja kesoepèn kalijan kasangsaran ingkang doemados margi wontening perang. Saja dangoe pangangen-angenipoen toemrap pait getir sarta getering perang, saja tipis, kantoen manda-manda.

Poenapa boten makaten??

Mangga! dèrèng ngantos djangkep saoemoering tijang ngesing bedamèn waoe sampoen tanpa teges! Kala taoen 1854, poenapa ing Éropa Kidoel-wétan boten wonten Krimoorlog?? Ladjeng poenapa ing taoen 1879 Roeslan kalijan Toerki boten ajoen-ajoenan?

Teroesipoen,..... pandjenengan ladjeng kèngetan djaman taoen 1914 doemoegi taoen 1918. Pandjenengan ladjeng kèngetan kala samanten sadjagad kasrambahan wohipoen. Tijang saindenging boemi sami toemoet ngeses kaworan giris! Horegipoen perang donja damel oteripoen tijang sadaja! O, saèstoe nggegirisi, ngeres-eresi!

Kala 8 Januari 1918, pandjenenganipoen sang kalokèng rat présidèn Wilson mahjakaken panggalihanipoen angèsti tentreming djagad!

Ladjeng..... kala 18 Mei 1926 commissie ingkang tinanggenah ngrembag katentreman (oetawi ingkang ing basanipoen Walandi katelah „ontwapeningscommissie") wiwit tapoek njamboet-damel! Ingkang toemoet rerembagan pradja 20: Finland, Roemenië, Polen, Bulgarije, Slavië-Kidoel, Amerika Sarikat, Djerman, Argentinië, Chilie, Uruguay, Brazilië, Nederland, Iss.

Ing sapoenika panitya waoe inggih saweg rawe, rerembagan prakawis poenika. Nitik rembag-rembag ing Geneve ngrikoe, ngantawisi bilih saèstoenipoen pradja-pradja ing Éropa taksih sami amanah rangkep. Sadaja kénging kawastanan ngandoet manah sangga roenggi. Mangka sangga roenggi, kirang mangertos-mangertosan, boten adjèn-ingadjèn, poenika dados sambékalaning tijang nggajoeh katentremaning djagad. Sarta inggih kerep dados dadakaning pasoelajan.

Wiwit kala poenapa nagari-nagari Éropa ngèsti katentreman? Éwadéné doemoegi sapoenika kénging dipoenwastani tanpa wonten timboelipoen. Tijang soemedya ngemohi perang! Mangsah joeda dadamelipoen sendjata, mrijem Iss. Dados jèn kapendet ringkesipoen: samangsa ngemohi perang saèstoe, inggih kedah wani amboetjal sadaja kapoerantosing perang. Kedah boten semang-semang njirnakaken sawarnining dadamel. Oeger boten gadah dadamel rak inggih boten saged ajoen-ajoenan. Manawi taksih wigah-wigih, poenika tanda anggènipoen emoh waoe namoeng wonten lambé. Lawong moh roedjak kok malah noempoek mamahan saboemboené roedjak pisan. Ngemohi perang, kok malah isih teroes ngoendaki enggoné jasa torpedo, kapal perang Iss. Poenapa boten nggoemoenaken??

Ing Geneve sapoenika saweg goeproek angrembag roetjating dedamel.

Dipoentitosi kémawon, mangké oedang-oedeng rak namoeng mliparmlipir toeroet pinggir, boten kandas doemoegi dasar!

Swasana politiek ing Éropa pantjèn.... jèn kagambara, angombakombak kados toja saganten! Manawi mentas kabentoes, ndedel minggah! Samangsa sampoen dangoe, kasoepèn kala kadjentoes-djentoes! Hardaning manah ladjeng moengkar malih, kaplorot!

Tentrem!.... tentrem!.... mbésoek kapan anggonmoe anartani doemadi??

Pandan Wangi 1 Mei 1929.
Taklim: Patjar Mérah.

KABAR OEMOEM INDONESIJAH.

Pamedalipoen S. S.

Salebetipoen woelan Maart kapengker poenika, angsal-angsalanipoen S.S. ing tanah Djawi, sadaja wonten: f 5144, 756, Menawi katanding kalijan Maart taoen 1928 mindak f 163. 834.

Wiwit Djanoeari 1929 doemoegi Maart, angsal-angsalanipoen sadaja wonten f 15. 579. 963. Dados langkoeng f 1. 148. 572. katimbang kala taoen 1928 inggih ing woelan Djanoewari doemoegi Maart.

Tradjangipoen Pasoendan.

Pakempalan Pasoendan saweg misoewoer, kabekta saking actie-nipoen soemedya ngajomi laré-laré sampoen ngantos risak kasoesilanipoen.

Wonten pakempalan ngrikoe, dokter Djoendjoenan sampoen naté medaraken risaking kasoesilanipoen moerid-moerid ing Bandoeng. Pandjenenganipoen ngandikakaken koepijanipoen katah laré-laré sekolah kataman sesakit boten pantes. Kawontenan ingkang makaten waoe kabekta oegi saking dajaning pasrawoengan tjara énggal sarta oegi boekoe-boekoe waosan awon. Mila, pandjenenganipoen angadjak soepados tijang sepoeh nggatosaken boekoe ingkang kawaos anakipoen. Poenapa déné soepados ichtijar sasagedipoen pamoelangan kapilah, tegesipoen sampoen ngantos sekolahanipoen laré èstri dipoendadosaken satoenggal kalijan laré djaler.

Pakempalan Pasoendan sampoen ngladosaken rekès njoewoen soepados nagari ambijantoe ngawisi laré èstri dèrèng ngoemoer malebet dados dogèr, sarta moegi Nagari angawisi laré dèrèng oemoer 17 taoen ningali tetingalan ingkang saged adamel risaking kasoesilanipoen,

Wakiling Tucht lan Opvoedingsdienst sampoen naté parepatan kalijan pangrèhing Pasoendan, angrembag panjoewoenan waoe. Wonten parepatan waoe katerangaken nagari badé ambijantoe, waton kakijatan sarta pambijantoe ingkang ageng lestantoen toewoeh saking pakempalan ngrikoe pijambak. Tegesipoen Nagari boten karsa ladjeng anggentosi tradjangipoen Pasoendan anggènipoen nedya damel saéning kasoesilan, Nagari amanggalih badé ngadani jajasan tinanggenah njaèkaken kasoesilaning laré èstri mawi tjara kados Middernachtzending kados ing Nederland.

Sasampoenipoen parepatan, pangrèh kalijan komisaris poelisi sami ningali tetingalan warni-warni. Kawoesananipoen: poelisi badé ngawisi laré èstri kirang ngoemoer dados dogèr.... Prakawis ngawisi laré dèrèng oemoer ningali gambar sorot, poelisi dèrèng saged damel poetoesan.

Kedjawi poenika Pasoendan ichtijar ngedegaken H. I. S. èstri, sarta internaat èstri mawi bajaran mirah: f 10. Sarta malih oegi badé ngedalaken brochure bab babajaning boekoe awon.

Ichtijaripoen pakempalan Pasoendan poenika pantes sanget kaalembana!

Sw. Tm, ingkang sampoen naté anggrètèhi prekawis poenika temtoe ambijantoe lan najogjani sanget! K. W. Ngajogjakarta sampoen naté kawedal temboengipoen nedya anadangi actie makaten poenika! Poendi malih?? Kita tijang Katholiek, ingkang temenipoen anggènipoen ngaosi kasoesilan langkoeng tinimbang golongan sanès, mireng actie-nipoen Pasoendan ingkang makaten poenika ing batos temtoe kados ginoegah sanget Pakempalan Wanita Kath.!

CORRESPONDENTIE:

F. S. Padm. — koela sampoen matem, djeboel kagalih saged dados dedameling mengsah.

Tijang ningali — kapendet satjekapipoen.

Simplex — rembag mapan, naning pandjangipoen! tjobi koela dandosanipoen.

Poen Dahwèn — Sw. T. njoewoen tjekap, mentes, actueel.

Ki Gw. (Mongg. rem.) — ambak-ambak pendjenengan klèntoe tampi!

Satrija Wétanan—tinimbang pendjenengan woengsal-wangsoel kagol ing panggalih, mbok sampoen kémawon! Kagoenganipoen koela tjaosaken wangsoel.

Ri-mawar — boentoet kaketok.

Tj. Bl. — njidra gadahanipoen pijambak, lo, poenika! Kalih, ingkang kadoemoek, satoenggal oud journalist, satoenggalipoen Goeroe mawi Hoofdacte, tjobi kawaos malih: sampoen namoeng titel tok, langkoeng-langkoeng angka satoenggal.

KATRANGAN:

Abn. No. 174 — Inggih f 7.50 poenika Déné blanco namoeng f 3, poenika abonnement setengah taoen manoet pernatan lami. Wiwit Djoeli ngadjeng poenika setengah taoen dados f 3.75.

Sad. P. S. Tédjasoekisna — adv. dateng, copie S. K. sampoen késah. Dipoenkaping kalih ing Sw. Tm. kémawon?

Ondertrouwd:

ENGELINE SOEHARMINAH
en
JUSTINUS DARGA.

Huwelijksvoltrekking 25 Mei 1929 des morgens in de R. K. kerk te Klaten.
Ontvangst der gasten Zaterdagavond 25 Mei 1929 bij de bruid te Tegalkoempoel Brambanan.

Ngatoeri priksa kala tanggal 5 April 1929, koela kekalih kaparingan momongan èstri wiloedjeng. Koela namakaken:

„CRISTINA HARTATI"

Koela kekalih
TÉDJOSOEKISMO.

RETRAITE MENDOET

Retraite kanggé para prijantoen poetri ing taoen poenika, wiwit tanggal 20 Mei doemoegi tanggal 24. Sinten ingkang badé ngresakaken ndèrèk retraite dipoenatoeri kintoen kabar sadèrèngipoen tanggal 15 Mei. Serat kedah kaatoeraken dateng Overste, Moeder Odrada, ing Mendoet.

Déné kanggé wragading retraite manoet ingkang sampoen-sampoen inggih poenika f 3.-

Zusters Franciscanessen
Mendoet bij Magelang.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan 8)	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemalang 3)	7.30.	Kepandjèn	6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6 - 7.30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 - 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal	7.30 - 9.30.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
" Jav.	6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6 - 8.
Kota Baroe	6 - 7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon	7 - 8 - 9.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	7 - 9.	Weltevreden:	
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Bangkong	6.30 - 8.	Waterlooplein	5.45 - 7 - 9.
Gombong 3)	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi	7.	Kramat	6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7.	Wonosobo 8)	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7 - 9.	Soekaboemi	6 - 7.30.		
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean 1)	7.30.				

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 4e. Achad.

Actie Zedelijkheids sterven poenika oegi loewes sanget manawi pandjenengan tandani. RED.)

Grija-grija séwan ing Madijoen. De Koerier, njarijosaken kawontenaning grija séwan ing Madijoen.

Grija-grija ing ngrikoe wonten warni kalih; gadahanipoen B.O.W. kalijan partikelir. Ingkang kalebet saé pijambak grija jasan B. O. W. nanging poenika grija kongsèn kanggé prijantoen ingkang njamboet-damel wonten Osvia, Normaalschool, sarta Pakoendjaran. Grija jasan B. O. W. ingkang kénging dipoenséwa sinten kémawon, sadaja dèrèng wonten sadasa. Gemeente inggih jasa grija ingkang ageng 2, alit 4.

Grija séwan ingkang katah dados gadahanipoen partikelir. Sarta ratjak boten saé.

VARIA.

Saking FIRMA serat J. B. Wolters redactie

tampi serat: Hoofdlijnen der Javaansche Litteratuur-Geschiedenis *) lan BENKOPT LATIJNSCH-NEDERLANDSCH WOORDENBOEK door Dr. F. Muller Jzn. en Dr. E. H. RENKEMA regi f 5.90.

Saking FIRMA Boekoe J. B. Wolters Redactie oegi tampi „BABAD TANAH DJAWI LAN TANAH-TANAH ING SAKIWA-TENGENIPOEN"
Goebahanipoen
padoeka toewan L. VAN RIJCKELVORSEL, Dir. Norm. school Ambarawa, kabantoe Radèn D. S. HADIWIDJANA, Goeroe Kw. school Moentilan, tjap-tjapan ingkang katiga.

Boekoe poenika sinerat kanggé moerid ing Normaalschool toewin Goeroe ing pamoelangan alit. Kandeling boekoe 173 katja, rinengga ing gambar-gambar tjatjahipoen 34, kaart-kaart alit toemoet kaétang.

Bakoening isi boten béda kalijan tjap-tjapan ingkang kaping kalih; bédanipoen kalijan tjap-tjapan ingkang kakalih namoeng wonten ing soesoelanipoen. — Soesoelan kapérang dados tiga: Gagrag anjar, Tambahan I lan Tambahan II. Margi soesoelan „Gagrag anjar lan Tambahan I", serat poenika ladjeng dados ndjamani sanget; djalaran margi wontenipoen soesoelan poenika pamaos soemerep wontenipoen tanah Djawi samangké, mangka poenika prakawis wigatos kanggé mangertosi djaman Djawi ingkang sami kita alami poenika, Tambahan II, sanadjan ngrembag prakawis, ingkang sampoen boten toemoet kamoing titeling boekoe, nanging oegi katah pat édahipoen kanggé njekapi betahing pangertos dateng gelaring djaman, ingkang ing basa Walandi kaseboet: Algemeen overzicht van het wereld-gebeuren. Mila boten ngoetjiwani kaasta ing Goeroe. (Regining serat: f 1.75)I

BOEKOE ÉNGGAL.

Bureau Onderwijsraad mentas ngedalaken boekoe „Publicatie VII" ngewrat rembagipoen Onderwijsraad dateng Depart. O. & E. babagan andjoendjoeng deradjadipoen Inl. Onderwijs.

Boekoe poenika saé, kertasipoen aloes, kandelipoen 107 katja. Isinipoen (prajogi sanget dipoenoeningani para goeroe, lan prijantoen sanès), oep.: Poetoesan-poetoesan Inspecteursconferentie. Palapoeranipoen Regentschapsraad Betawi bab Dessaonderwijs; wawasan, poetoesan sarta oesoelipoen onderwijsraad bab: sekolahan doesoen lan angka kalih; handenarbeid; leermiddelen; sambetipoen sekolahan doesoen kalijan angka kalih sarta vervolgschool; meisjesonderwijs; l. s. s. katah sanget toer migoenani.

Ngèngeti isinipoen, boekoe poenika dipoensadé à f 1,25 nama boten awis. jèn moendoet dateng. Depôt v. Leermiddelen Weltevreden.

*) Koela atoeri maos karangan ing ngadjeng, ingkang akepala „Tjengkoronganing babad sastra Djawi". Red.

Patanja.

Manoet tataning ngagesang poenika wadjib manoengsa oermat ingoermatan. Déné tanda pakoermatan poenika wonten roepi², manoet tataning satoenggal-toenggaling bangsa. Terkadang nadyan toenggil bangsa kémawon béda-béda. Oepaminipoen: kaboepatèn X kalijan Y kémawon gèsèh (béda).

Sembah poenika pakoermatan tjara Djawi dateng para loehoer. Oédjaripoen ingkang saged tjrijos, poenika tanda asrah bongkokan. Dados, badé dipoenpoenapak-poenapakaken borong soemarah.

Awit katenger njembah poenika tangan kalih pisan dipoentangkepaken saèsta (kados déné) badé dipoenblenggoe?

Wenèh panggènan tanda pakoermatan katetepaken saking ingkang kwasa ing rikoe?

Tjara Toerki (nadyan golongan Europa) andjoendjoeng tanganipoen dateng sirah. (Bokmanawi djalaran sami keton djinggring poenika, dados jèn kabikak kanggé koermat angèl?).

La sapoenika kabaripoen boten kapareng keton poenapa pakoermatan tjara ngrika sampoen atjara Europa?

Tjara Arab salaman. Nélakaken jèn sami resik sepi sarat dedamel.

Tjara Europa, bikak topi oetawi toedoeng. Manoet dongèngipoen, kala djaman roemijin, para loehoer ing rika sami arikma doemoegi ing djoeloek (tjengel, gitok, ngk.). Soepados sampoen ngantos dipoensamèni, para soedra? Kadawoehan sami goendoel. Soepados kapirsan poenapa sampoen teloes-teloes, saben kepetoek oetawi kepanggih prijagoeng kedah bikak topi.

Ketelah doemoegi samangké?

Sapoenika wonten pakoermatan gagrag énggal, dridji 2 poenapa 3 kairingaken? Toemèmpèl ing batoek, poenika mode ing poendi? Njengkok Toerki poenapa ketoprak toerkèn?

Ing mangka djaman sapoenika agaminipoen tijang ngriki boten sami.

Jèn bangsa soedra asoeng pakoermatan manginggil (pangkat alit dateng ageng) kénging dipoenwalesi poenapa boten? Oepami kepetoek ing salah satoenggiling panggènan.

Rèhning sapoenika ingkang katah koeploekan oetawi blangkon, poenapa boten prajogi bikak koeploek oet. blangkonipoen kémawon?

Tijang manganggé oetawi ngetrapaken poenika jèn boten sreg lan manah raosipoen boten mantep.

Djamanipoen tansah éwah-éwah dados kados-poendi tjara ingkang salaras lan djamanipoen? Sawenèhing panggènan tijang sandalan kémawon kados déné sangga roenggi. Djalaranipoen emboeh, sabad déning poenapa boten terang.

Jèn rinaos lan ing sasawangan, oetawi ndoeloe tléramipoen, regining kaoem alitan poenika manoet mana soekanipoen, saèmper kados coers?

Ing riki makaten, ngrika makaten. Dados kaoem alitan poenika asring katenta oetawi bingoeng awit boten wonten patokanipoen. Patokanipoen namoeng doemoenoeng wonten ing sasenengipoen pribadi (pijambak-pijambak). Anggèné saged mastani béda poenika margi dados tijang énggal oetawi saking kabar pabaratan.) Bok inggih ngrika ngriki sami kémawon kados-poendi? Poenapa pantjèn kaoem alitan pijambak ingkang boten saged ngetrapaken, kidoeng oetawi semang-semang? La djeng saking ketentanipoen dipoen-gembjah oejah. Sarem kémawon leres sami asinipoen, nanging jèn dipoenkenjamaken meksa wonten bédanipoen.

P. C. ing awang-oewoeng.

Atoer panoewoen lan pitakénan.

Ingkang sareng poenika koela matoer sembah noewoen sanget dateng sadèrèk Mas Pramila, déné sampoen karsa maringi wangsoelan lan nerâng-nerangaken ingkang dados pitakèn koela. Samanten oegi koela oegi matoer sembah noewoen dateng pandjenenganipoen Rama Redacteur déné sampoen karsa paring papan.

Kedjawi poenika keparenga njoewoen priksa malih dateng Rama Redacteur oetawi sadèrèk sinten kémawon ingkang saged lan soedi paring wangsoelan. Makaten:

Kasebat ing *De Koerier* no. 1924 April 1929 ing lembaran sapisan pakabaran: *Journalistieke Kracht Patsers*, bilih Correspondent Java-bode kadenda f 300 oetawi oekoem 14 dinten, djalaran martosaken, jèn tilas kepala sekolah ing Tjitjalengka toewan M. njalingkoehaken arta (f 2000). Kadadosanipoen toewan M. oegi kaoekoem 9 woelan.

1e. Pitakèn koela: Poenapa oegi sampoen adil tijang martosaken njata, teka dipoendelik?

2e. Ingkang nanggel karangan wonten ing koran (tegesipoen jèn wonten poenapa-poenapanipoen) poenika poen panjerat poenapa redacteuripoen?

3e. Mèh sami no. 2. Saoepami koela njerat wonten ing Sw. T., ladjeng wonten oekaranipoen ingkang moeroegaken kénging persdelict, poenika ingkang kapradata koela poenapa Rama Redacteur? — Ingkang kasoewoen sampoen ngantos.

Makaten poenika pangraos koela badé migoenani sanget dateng para sadèrèk panjerat Sw. Tama!

Wasana sadèrèng sasampoenipoen koela matoer sembah noewoen malih.

Moeda poenggoeng.
Bratasoehardja.